



ITANGAZO KU BIMENYESHAMAKURU-28 Rusama 2015

Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi, urahagaritse ibikorwa vyawo, kubera icuka kiri mu gihugu kidatuma itunganywa ry'amatora yizewe na bose.

Bujumbura, 28 Rusama 2015- «Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE) ubona ko gushika uyu muni, icuka kiri mu Burundi ntigishobora gufasha ngo hatunganywe amatora yizewe na bose. Uko ibintu vyifashe, akaba ari nako uwo Murwi wabisanze kuva ugishika mu Burundi, vyagiye vyunyuka. » nk'uko bishikirizwa na David MARTIN, Umukuru w'uwo Murwi.

Mu bituma ata matora yizewe na bose ashobora gutunganywa muri kino gihe, nashaka gushimikira kuri ibi bikurikira :

1. Icuka c'ubwoba kivanze n'iterabwoba gikwiye hose, cunyuwe n'umutekano udashemeye na gato. Hambavu y'ivyegeranyo bivuga ko kuva na kera na rindi hamye ho ibikorwa vy'Imbonerakure, hariyongeye ko n'izindi nkuru nyinshi zo kwizigira zishikiriza ihonyangwa ry'agateka ka zinamuntu. Igandagurwa rya Zedi Feruzi, Umukuru w'Umugambwe utavuga rumwe n'Ubutegetsi UPD-ZIGAMIBANGA, ari ikimenyetso cerekana neza ko amabi akorerwa abanyepolitike ari ikibazo gikomeye cane.
2. Muri bino bihe rero, naho habaye ukwongereza ikiringo c'ukwiyamamariza amatora y'abajenama b'amakomine n'ay'abashingamateka yo ku wa 5 Ruheshi, Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora wabonye ko ata myiyamamazo nyayo yahabaye ku bipfuzwa kwitwaza bose. Nkako, imigambwe imwe imwe ni yo yashoboye kwiyamamaza bimwe biboneka, nka CNDD-FDD uri ku butegetsi, hamwe rero na UPRONA, iyindi migambwe nayo itavuga rumwe n'Ubutegetsi ntiyashobora gutangura ibikorwa vyo kwiyamamaza ku mugaragaro, bivuye ku mutekano muke hamwe n'icuka c'iterabwoba cibonekeje.
3. Ibimenyeshamakuru vyigenga, vyari vyugawe canke bigashikiriza amakuru atarenga Umurwa mukuru Bujumbura, ubu ho ntibigikora. Naho Leta yari yatanze icizere ko bizokwugururwa, ibimenyeshamakuru vyigenga biracugawe kandi ivyuma vyavyo vyarononekaye cane. Abamenyeshamakuru batari bake baratwaza ubwoba gushika aho bahungu igihugu. Muri bino bihe rero, Radio na Televiziyo vy'Igihugu (RTNB) ni vyo vyonyene bishikiriza amakuru mu gihugu cose. Gushika uno muni, uko Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora wagiye uriga ingene amakuru ashikirizwa mu bimenyeshamakuru, kwerekanye ko Radiyo na Televiziyo vy'Igihugu vyahengamiye na ntaryo kuri CNDD-FDD na UPRONA.
4. Imyiyerekano yiyamiriza ikiringo c'Umukuru w'Igihugu zirabujijwe, abaja muri yo bagatinya kwagirizwa no gucibwa imanza zikomeye, bakongera bakanahashwa hakoreshejwe inguvu nyinshi cane z'abajijwe umutekano. Abantu bagera kuri mirongo itatu (30) baramaze gusiga ubuzima muri icyo myiyerekano. Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE) uributsa ko, naho ingingo ya Sentare Ijejwe Kwubahiriza Ibwirizwashingiro yafashwe ku vyerekeye ukwitoza kwa Prezida Nkurunziza, ivyiyumviro bidashigikiye icyo ngingo birafise ishingiro. Kubuza ishikirizwa ry'ivyo vyiyumviro ntivyubahiriza amategeko



mpuzamakungu ajanye n'amatora yisunze ingendo y'intwaro rusangi, ahubwo biza bicinyiza ubwigenge n'agateka ka zinamuntu.

5. Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora wabonye ko Umurwi w'Igihugu Wigenga Ujejwe Gutunganya Amatora (CENI) utigeze werekana ubwigenge, ivyo bigaca vyunyura agahigihigi k'amashirahamwe adaharanira inyungu za politike n'ak'abatavuga rumwe n'Ubutegetsi bagiye berekana kuva uwo Murwi ugishingwa. Umurwi CENI wamye na ntaryo uhengamira ku butegetsi, ntiwerekane neza ko ushaka gukorera ku mugaragaro. Twofatira ku karorero ko kwankira imigambwe n'amashirahamwe adaharanira inyungu za politike ko basoma ivyanditswe ku rutonde rw'abiyandikishije ngo bitabe amatora, naho bari bamenyesheje ko batizeye urwo rutonde.

Umukuru w'Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora arongera ati : « Kubera izo mvo zose, Uwuserukira Ubumwe bw'Abanyaburaya ku rwego rwo hejuru mu vyerekeye imigenderanire ya politike n'amakungu akaba n'icegera c'Umukuru w'Inama w'Abanyaburaya Federica Mogherini, na jewe nyene twafashe ingingo yo guhagarika irungikwa ry'Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora ».

Uwo Murwi w'Abanyaburaya urizera ko icuka ciza kizosubira kikagaruka vuba, kugira ngo amatora yisunze intwaro rusangi atunganywe. Ico cuka gisaba iyubahirizwa ry'agateka ka zinamuntu n'ubwigenge kuri bose, kwubahiriza uburenganzira bw'imigambwe ngo itangure kwiyamamaza, hamwe rero n'uburenganzira bw'ibimenyeshamakuru bwo gushikiriza amakuru no gushikiriza ivyiyumviro. Umurwi w'Abanyaburaya wizera kandi ko ingingo zikenewe zizofatwa kugira ngo inzego zijewe gutunganya amatora zizigirwe na bose.

David MARTIN aheraheza avuga ati : « Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora urashigikiye icyumviro c'uko hamwe hoba ugushaka kwa politike, ico cuka ciza coheza kikagaruka biciye mu biganiro. Muri ico gihe, Umurwi w'Abanyaburaya vyowunzereza bigatuma unagaruka mu Burundi kugira ngo ubandanye igikorwa co gukurikirana amatora mu bwigenge, hamwe hoba ibimenyetso biboneka vyerekana ko amatora ashobora gutunganywa hisunzwe ingendo y'intwaro rusangi. »

Imirwi y'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora yisunze Amasezerano n'Ingingo Mpuzamakungu zerekeye gukurikirana amatora vyashizwe ahabona mu mwaka w'2005 n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, hamwe rero n'ingendo igenga abakurikirana amatora.

Mufise ico mubaza: Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE Burundi): Alain CHABOD - Ajejwe Kumenyesha Amakuru No Kugenzura Ibimenyeshamakuru- Telephone ngendanwa : +257 71 09 98 50 - alain.chabod@moeueburundi.eu